

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Parobahan tatanan kahirupan masarakat mangrupa hiji hal nu teu bisa disingkahan. Pangaruh kamekaran élmu pangaweruh jeung téknologi daék teu daék geus ngajadikeun manusa aya dina kondisi kritis moralitas. Nu dimaksud kritis moralitas nya éta leungitna ajén kahirupan manusa salaku mahluk sosial nu mibanda *budi pekerti* anu luhung. Balukar leungitna éta ajén kahirupan manusa jadi henteu saimbang. Nalika manusa aya dina kahirupan teu saimbang, mangka gampang pisan dimangpaatkeun ku pihak séjén anu mibanda kapentingan pikeun ngadalikeun manusa ka arah atawa tujuan nu tangtu. Dumasar kana sagalarupa idéologi maranéhna nanawarkeun jalan kahirupan. Antukna anu henteu pageuh idéologi diri jeung kabudayaan masarakatna, bakal asup jeung kapangaruhan ku hiji situasi lingkungan nu sabenerna geus ngajadikeun dirina jadi jalma séjén atawa leungiteun jatidirina.

Masalah di luhur téh saéstuna kudu jadi panitén balaréa, kasadaran koléktif diperlukeun pikeun numuwuhkeun sikep konvénsional kabudayaan. Ku jalan kitu saéstuna manusa bakal aya dina kondisi silih ajénan, silih tulungan, silih pikanyaah, jeung silih pikaasih di lingkunganana. Salah sahiji aspék nu ngarojong kana tumuwuhna éta sikep téh nya éta tata aturan hirup manusa nu sumberna tina agama jeung budaya. Ajén hirup nu sumberna tina agama mibanda sifat anu mutlak, hartina sagala rupa aturan nu lahir tina tetekon agama éstu teu bisa dirobah naon baé alesanana. Séjén ti éta aturan manusa muncul ogé tina hasil mikir manusa nu disebut budaya. Dina éta budaya aturan hirup manusa dumasar kana hasil konvénsi kelompok manusa sorangan nu tujuanana sangkan manusa boga galur kahirupan nu ngaguluyur.

Aspék budaya nu dimaksud dina pedaran di luhur téh nya éta ajén-inajén tataktama. Tatakrama mangrupa aturan tingkah polah manusa nu lahir pikeun ngatur patali marga kahirupan manusa sangkan tartib, aman, pikabetaheun, jeung jauh tina pacéngkadan. Cindekna, tatakrama téh méré watesan-watesan nu tangtu kana prilaku manusa, sanajan éta prilaku téh bisa dilakukeun ku saurang manusa. Demi tujuan diwatesanana prilaku manusa taya lian pikeun ngajadikeun diri pribadi manusa aya dina tanggung jawab nu salawasna.

Nilik kana pedaran saméméhna, kiwari tugas jeung tanggung jawab tatakrama téh beuki beurat. Ari cukang lantaranana taya lian ayana sikep manusa kiwari nu ngapilain kana hal tatakrama sorangan. Sikep *individualistis*, mawa karep sorangan, nyarita saengabna,

papakéan sadaékna, meuweuhna papaséaan antar siswa, budak kabur ti imahna, nepi ka kolot sorangan dirogahala, jeung kasus-kasus négatif séjéna, mangrupa salah sahiji indikator ayana parobahan sikep méntal masarakat nu teu maliré tur ngapilain kana ajén-inajén tatakrama.

Saéstuna atikan tatakrama pikeun masarakat Sunda mah lain barang nu anyar, lantaran unsur kabudayaan masarakat Sunda neundeun tatakrama jadi bagian nu penting tina hirup kumbuh kahirupan manusana. Éta hal téh kiwari jadi hal nu “langka” kapanggih dina hirup kumbuh masarakat Sunda. Buktina bisa dititénan tina kahirupan sosial masarakat Sunda sacara umum, boh di lingkungan nu leutik (kulawarga) boh di lingkungan nu leuwih lega (tempat-tempat umum). Ku sabab kitu pikeun nungkulan éta masalah perlu aya usaha pikeun ngawanohkeun tur ngahirupkeun deui tatakrama Sunda.

Salahsahiji bukti kabeungharan budaya masarakat Sunda nu mibanda aspék tatakrama téh nya éta dina wangun babasan jeung paribasa. Babasan jeung paribasa kaasup kana basa pakeman. Basa pakeman nya éta basa anu geus matok, runtuyan kalimah teu bisa dionggét-onggét deui, teu bisa dirobah-robah deui. Babasan jeung paribasa téh saényana mah sarua baé atawa hésé dibédakeun. Bédana babasan mah geus ngawangun hiji kecap (kantétan), ari paribasa mah méh mangrupa kalimah (Prawirasumantri, 1973:43). Aya deui bédana babasan jeung paribasa nya éta babasan umumna ngandung harti injeuman sedengkeun paribasa ngandung harti babandingan (Sudaryat, 1995:118).

Baheula babasan jeung paribasa digunakeun pikeun nyindiran atawa nyungkun. Lamun aya anu henteu dipikaresep téh cara ngabéjaanna maké babasan jeung paribasa téa anu basana dibalibirkeun, henteu sacéréwéléna. Lantaran sipat urang Sunda mah henteu togmol. Ngaliwatan babasan jeung paribasa maksud anu rék ditepikeun disumputkeun kalawan lantip jeung rikip. Lamun dihartikeun sajalantrahna mah asa teu nyambung contona paribasa *abong biwir teu diwengku*, anu biasana diwengku mah sabangsaning anyaman hihid atawa ayakan, tapi pikeun malibirkeun maksudna disapertikeun kana wengku kawas ka anyaman ayakan.

Lian ti éta hal, babasan jeung paribasa Sunda ogé lain ngan saukur “hiji alat komunikasi” urang Sunda nalika ngébréhkeun pamaksudan, tapi éstu mibanda ajén inajén nu mangrupa piwuruk pikeun hirup jeung huripna masarakat Sunda. Ari nu dimaksud hirup jeung huripna masarakat Sunda téh nya éta hirup nu dibarengan ku kasajahteraan boh lahir boh batin. Pikeun ngudag éta kasajahteraan, masarakat Sunda ulah leupas tina tetekon boh agama boh darigama. Cindekna yén masarakat Sunda kudu ajeg dina tangtungan, sili pikaasih, méré mawéh, sili ajéan, nyaangan kanu poékkeun, nganteur ludeung kanu keueung.

Pedaran di luhur dianggap mangrupa konci utama kahirupan manusa Sunda nu diwariskeun ti karuhun saméméhna ngaliwatan sababaraha cara, di antarana ngaliwatan kabeungharan budaya babasan jeung paribasa. Ku sabab kitu, gelarna babasan jeung paribasa tangtu aya patalina jeung kabudayaan masarakat Sunda. Nalika medar perkara babasan jeung paribasa Sunda, nu muncul dina pamikiran téh ngan semet iraha jeung kumaha éta gelarna babasan jeung paribasa téh? Beh dituna kudu kumaha ngajarkeunana ka siswa? Saupama éta nu muncul, mibanda harti yén salila ieu urang ngan saukur ngagugulung babasan jeung paribasa téh sabage kabeungharan budaya, beh dituna cukup wanoh ku jalan dijadikeun matéri pangajaran di sakola. Padahal saupama urang aya karep neuleuman babasan jeung paribasa kalawan teleb, mangka pasolan tatakrama nu kiwari meuweuh sabiwir hiji di masarakat hususna di sakola bakal kajawab. Hartina nalika urang boga karep ngalarapkeun ajén inajén tatakrama Sunda, babasan jeung paribasa Sunda bisa jadi salasihiji rujukan pikeun ngaréngsékeun nyirorotna tatakrama masarakat Sunda kiwari.

Satuluyna panalungtikan-panalungtikan perkara tatakrama, ajén moral, jeung étika kungsi muncul dina wangun skripsi jeung tésis, tapi nu ngaguar perkara tatakrama anu sumberna tina babasan jeung paribasa mah can kungsi kapaluruh. Ku sabab kitu panalungtikan perkara “Aspék Tatakrama Masarakat Sunda dina Babasan jeung Paribasa” téh dianggap perlu pikeun dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan baris diwatesanan kalawan museur kana aspék-aspék tatakrama masarakat Sunda nu ngawengku aspék tatakrama basa jeung non basa. Aspék tatakrama basa ngawengku aspék pragmatis, anapon aspék non basa dina ieu panalungtikan nya éta ngawengku aspék kinétis jeung hubungan sosial. Boh aspék basa boh aspék non basa, dipaluruh jeung dipedar dumasar kana data babasan jeung paribasa Sunda.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dina ieu panalungtikan dirumuskeun jadi sawatara masalah, di antarana:

- 1) Aspék tatakrama basa masarakat Sunda naon baé nu nyampak dina babasan jeung paribasa kalawan ditilik tina aspék pragmatis?
- 2) Aspék tatakrama kinétis masarakat Sunda naon baé nu nyampak dina babasan jeung paribasa?
- 3) Aspék tatakrama hubungan sosial naon baé nu nyampak dina babasan jeung paribasa?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Ieu panalungtikan téh mibanda tujuan umum pikeun mikanyaho, medar, sarta ngadéskripsikeun aspék-aspék tatakrama anu nyampak dina babasan jeung paribasa.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Aspék tatakrama basa masarakat Sunda nu nyampak dina babasan jeung paribasa kalawan ditilik tina aspék pragmatis;
- 2) Aspék tatakrama kinétis masarakat Sunda nu nyampak dina babasan jeung paribasa;
- 3) Aspék tatakrama hubungan sosial nu nyampak dina babasan jeung paribasa.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep sasieureun sabeunyeureun bisa ngeuyeuban élmu pangaweruhhususna dina widang tatakrama masarakat Sunda, boh sacara tioritis boh praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan mibanda mangpaat pikeun:

- Méré informasi ngeunaan ajén tatakrama Sunda nu sumberna tina babasan jeung paribasa Sunda.
- Sasieureun sabeunyeureun milu ngeuyeuban atawa ngadeudeul kana panalungtikan-panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda nu geus diguar saméméhna.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan diébréhkeun di handap ieu.

##### **1) Pikeun Panalungtik**

Dipiharep bisa dijadikeun pangalaman anu hadé jeung tatapakan pikeun mekarkeun diri dina widang paélmu budaya Sunda pikeun kabutuhan atikan masarakat Sunda.

##### **2) Pikeun Lembaga**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang kabudayaan, hususna ngeunaan tatakrama Sunda, babasan jeung paribasa Sunda, jeung milu ngamekarkeun téori-téori jeung aplikasi kana widang kabudayaan.

### 3) Pikeun Masarakat Umum

Ieu panalungtikan bisa méré gambaran kabeungharan budaya Sunda dina wangun tatakrama Sunda sacara umum nu nyampak dina babasan jeung paribasa Sunda kalawan bisa ngalarapkeunana dina kahirupan sapopoé.

### 4) Pikeun Pamaréntah

Dipiharep pamaréntah bisa maké kabeungharan kabudayaan lokal pikeun jadi tatapakan kamekaran élmu pangaweruhhususna dina hal ngawangun sikep méntal sosial masarakatna.

## **1.5 Organisasi Panalungtikan**

Panalungtikan ngeunaan tatakrama Sunda téh diwangun ku lima bab nu ngawengku bab ka-1 bubuka nu medar perkara kasang tukang ieu panalungtikan, masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung organisasi panalungtikan.

Bab ka-2 medar perkara sababaraha tiori nu aya hubunganana jeung masalah tina ieu panalungtikan, asumsi panalungtikan, jeung raraga mikir panalungtikan.

Bab ka-3 medar perkara métode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, data jeung sumber data, rarancang panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab ka-4 medar perkara hasil panalungtikan, nya éta déskripsi aspék-aspék tatakrama Sunda dumasar kana babasan jeung paribasa Sunda.

Bab ka-5 mangrupa kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan

Satuluyna diwincik ngeunaan sumber dina wangun buku atawa pamadegan-pamadega ti para ahli dina wangun daftar pustaka.